

SS.7.C.1.6

Entèprete entansyon Preyanbil Konstitisyon Etazini an

SS.7.C.1.6 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3: Elèv yo ap rekonèt ke entansyon fraz "Nou Pèp la" vle di ke gouvènman an depann sou pèp la pou pouvwa li, e li egziste pou li sèvi yo.

Preyanbil la kòmanse ak fraz sa, "Nou Pèp la". Ekriven Konstitisyon Etazini an te kòmanse Preyanbil la ak pawòl sa yo, pou fè li klè ke moun yo ta dwe se sous pouvwa gouvènman an, e ke pouvwa sa a pa ta ka tonbe nan men yon sèl chèf. Epitou, paske yo kòmanse Preyanbil la nan fason sa a, ekriven sa yo tap di ke gouvènman an egziste pou sèvi pèp la, e li dwe reponn ak yo.

Atik VII (7) nan Konstitisyon an egzije ke Konstitisyon an ta kap sèlman **ratifye** a yon de tyè (2/3) majorite nan konvansyon ki nan eta yo (ki te etabli pa lejislati eta a, ke pèp la te eli). Nan fason sa a, tou, gouvènman nasyonal la vire gade pèp la, pou pouvwa li.

Preyanbil – entwodiksyon Konstitisyon Ameriken an

ratifye – eksprime konsantman pou confime; fòmèlman apwouve